Соколёнок

# Лачен

2/2022

март – апрель

0+

ДАГЪИСТАНАЛЪУЛ ХIУКУМАТАЛЪ КIИ-КIИ МОЦIИДАСАН ЛЪИМАЛАЗЕ БАХЪУЛЕБ ЖУРНАЛ

## Связь поколений



# Фазу ГІалиевалъул — 90 сон







Фазу Галиева

## Их рештІана мугІрузда

Их рештІана мугІрузда,
ГІурччинлъидул къвалги цІун,
ЦІа гІадинаб бакъул гор
Гурдил квенчІлидаги лъун.

Зобалъе хъахІилаб кьер,
Ракьалъе чараб тІанса,
ГъутІбузе гІолохъанлъи
Кьуна гьелъ сайгъаталъе.

Лъаразда мацI малъана,
ЦIерги тIетIезе гьабун.
ТIаса гъоркье хьвагIана
ГIанчIал цIадал къатIраби.

Трактрал, гIадамал
Хурзабахъе ахIана,
Гьанже кьижун чIарав чи
Кьиндал вакъизе вугин.
Пурцица чIегIераб ракь
Бихъ-бихъизе гьабуна,
Гьениб векьарухъанас
Меседил мугь бекьана.
Гьеб тIирщана ракьалда,
Цинги тIаде баккана,
Хехго гIолеб гьелъул рас
Бакъул чIораца хана.
ГIачиязул моцIаби
ПонцIон рачIана рахьалъ,
Бачал, гогьдарилаго
Гочун ана харилъан.
Хадур тIанчIиги гьарун,
Ордек лъарахъе щвана,
ГIанкIуяз цIер гIадинан
ЦIияб ретIел хисана.
Ханзагъилаго рачIун,
Ручнир гIодор кIусана.
Хераб кето бакъалда
Щват-щват битIун бегана.
Щватаби рахъун, ясаз
Иццухъ хIатIал чурана.
ХIатIазда гIицIго васал
ТоргIо хIан расандана.
ГIиссинаб мичIчIги бетIун,
Эбелалъ чед гьабуна.
Чара-гъараб гормедо
Магъида тIад бигъана.
Их рештIана мугIрузда
ГIурччинлъидул къвалги цIун,
ЦIа гIадинаб бакъул гор
Гурдил квенчIлидаги лъун.



# МичIчIилъ хинкIал

КIодоца чIваднахъе ун
МичIчI бетIана цIалкIу цIун,
ЦIорораб лъимги тIун гьеб
Чурана бацIцIад гьабун,
БецIцIизе бакъалда лъун,
ГIисин гьабун бухана,
Хоно чIехьон, нах жубан
ХинкIазда жаниб лъуна.

Бакъанида эбелги
Эменги рокъор щвана,
Яслиялдаса юссун,
СалихIатги ячIана.
МичIчIилъ хинкIал ругилан
КIодоца цере лъуна.
Бищун лъикIаб квенилан
Инсуца гIучI босана.
ЦIакъ хьул лъун букIанилан
Эбелалъ хинкI хIанчIана.

Амма СалихIатица
Гьумер букIкIинабуна,
Гьелъ, мичIчIил цIар бахъигун
МахIалде квер бегьана.
– Квинаро дица хинкIал,
Гьеб ццидахун букIуна,
АскIоб хIетIе чIаниги
ХIанчIола гьеб кидаго.



# Макьидасо борчIун бачIана апрель



Халатаб хаселалъ кьижунги букIун,
Макьидаса борчIун бачIана апрель.
БачIана гIурччинаб гвермендоги чIван,
Гогьай яс  гIадинан гьимулаго гьеб.
Гьелъ, хинал чIоразул цIилицIги бахъун,
МугIрул щобаздаса гIазу лъухъана.
Рогьел рехулелъул цIорол гордахъа
ЦIан нахъе гьинкатан гьабулеб гIадин,
Гьелъ хъахIил зодихъа накIкIалги рацIцIун,
Кьерхарал къоязе къолъикI гьабуна.
Лъарахъеги къулун гьумерги чурун,
Гьале апрель ана магъилъ сверизе.
Ссанабазда лъалхъун катIари хана,
Харил сумал тIаде раккун рачIана.
ГIурччинал тIамхазул ретIелги ретIун,
ТIугьдузул такъия ботIродаги лъун,
Борхатаб гохIда чIун гьелъ аргъан хъвана,
Ихдалил хIанчIаца бакънал тIамуна.
Гьел бакънал рагIана рекьи гьабизе,
Рукьалда оц балев хурухъанасда.
Росдал гIачиязул рехьедги бачун,
МагIарде ралагьун унел гIухьбузда.
ТIеренал бохдузул бурияб бече
БачIана хIорихъе хIатIал чуризе.
Кьурарал расазул тахтадул кьегIер
Кьурдилаго ана магъилъе гочун.
ХIелкIазул тIеметIи багIарлъун ана,
ГIанкIуяз тIанчIазе къуркъур бачана,
ЦIалдохъабаз, хинаб ретIелги бахъун,
ТIадагьаб ихдалил форма ретIана.
АхIе, апрель, ахIе хIайранал кучIдул,
ХIалтIиги боркьизе тIегьги баккизе.
Раче, апрель, раче ихдалил бакънал,
Бакъги багIаризе цIадги чвахизе!



# ТIайпусалъул рачIги нурги



БухIараб роол къоялъ
ХIанчIи къватIир рахъана,
ТIегьарал авлахъазда
ТIавап гьабун сверана.
ТIугьдузул махI сунтIана,
ХIорихъа лъим гьекъана,
Бакъул хинал чIоралгун
ЧIечIого расандана.
Амма кидаго гуро
Зобал роцIцIун рукIунел –
НакIкIал понцIон рачIана,
ЦIадаца чу кьолона,
Бикь-бикьизабун накIкIгун,
ЦIаялъ куркьбал хьвагIана.
ГIасияб гьаракь гьабун,
ХъахIил зобал гъугъана,
ЦIулакьо чIвалеб гIадин,
ЦIорол гарал щущана.
ЦIер речIчIулеб букIана
Расги гурхIел гьечIого
Гьайбатал тIугьдуздаги
ТIорщалил сумаздаги.
Гьелъ лъукъулел рукIана
ГIурччинлъарал тIамхалги,
ТIогьиллъулел пихъалги,
Рахьдалъ бугеб гьологи,
ПастIаниб чIараб перги.

Щибаб гIаркьалидаса
ХIанчIи нахъе лъутана,
ХIедул цIун хIатIалгун най,
Къолонибе буссана.

Киналго тӀураниги,
ТӀадхъаликь рахчаниги,
ЦохӀо зобалъул тӀайпус
ТӀуричӀо гъотӀодаса.
Гъалараб рачӀги гьурщун,
Гьелъий чадир гьабуна.
Чанлъал цӀорол гараца
Жибго бухананиги,
Гьелъ гъотӀол щибаб гӀаркьел,
ХӀули бачун, бахчана.
Гьелъул кваркьиялдаса
Би чвахху лeб букӀана,
Черхалдаса тамахаб
Хъуп букӀана тӀутӀун ун,
Амма гъветӀ жагъаллъичӀо,
Гьелъул тӀамах бортичӀо.
ТӀогьолъан бижараб пихъ
Ясбер гӀадин цӀунана.
ТӀайпусил бахӀарчилъи
Бихьун цӀер биун ана,
Циндаго зоб роцӀана,
ЦӀералъул цӀад лъугьана.
Гьебги, заман бахъигун,
Нахъаса нахъе ана.
ГӀодун рахъарал накӀкӀал
РикӀкӀадегӀан хъурщана.
БагӀараб бакъ гьимана,
Гьаб ракьалъе салам кьун,
Кьо гӀадин нурги чӀана,
ЧӀухӀизабун авлахъгун.
Гьурщун рачӀгун гъотӀода
ЧӀараб тӀайпус бихьигун,
Нуралъ жиндирго кьерал
Кьуна гьелъул хӀулидуй.
ХӀанчӀи къватӀир рахъана,
ТӀайпусалда релъизе,
ТӀегьгӀадинаб рачӀ бихьун,
Нечон, гӀодор къулана.



# Милъиршо

## Халкъяб биценалдаса

Рагъидул чIалуялда
ЧIвана милъиршцоялъ хIарщ,
ЧIирчIилаго нахъойги
Боржун ана босизе.
СагIа, екерун ячIун,
КIудил каранлъ хурхана,
– Бице, щай милъиршцоялъ
Мокърукь бусен гьабулеб,
Цойгидал хIанчIаз гIадин,
Харилъ яги гъотIода
Щай гьелъ тIанчIи лъоларел?
КIуди тIаде ворхана,
ХъахIаб мегеж лъухьана,
Кодой йосун ясалъе
Гьадин хабар бицана:
– Цебего гьаб ракьалда,
Рокьукъаб ва ццидалаб
Цо хIайван букIун буго,
Би гьекъон гьан кваналеб.
Гьелъ битIун ун рагIула
Дунял сверизе кIкIара,
Бищунго гьуинаб би
Бихьизабе жиндаян.
КIкIара боржанхъун буго
Щиб-жиб хIайваналъухъе,
ХIутI-хъумуралда рештIун,
ХIалбихьи гьабун буго.
ГIадамасул биги цIцIун,
ЩIакъго разилъун буго,
Бищунго гьуинаб би
Гьаб букIун бугин абун.
Цинги, рохелги босун,
ГIедегIана гьеб кIкIара,
ГIасияб ханалъухъе
Хехго бухьана сапар.
Лъан буго магъилъ сверун
Буссунеб милъиршцода
ХIиллаялда квелъ бараб
КIкIараялъул балъголъи.
КIкIараялъе нухги ккун,



Гьеб хадуб боржун буго,
Балъголъи цIунараб мацI
ЦIан нахъе бахъун буго!
ГIалхул жанаваралда
Цебеги чIун, кIкIараялъ,
«Зу-зу-зу-зу-зу-зу» – ян
Цого жо чIамун буго.
Гьебги бичIчIуларого
Гьаглъараб жанаваралъ
Милъиргщоялда гьикъун
Буго, гьалъий щибилан.
Милъиргщоялъ бищунго
Гьуинаб би ракьалда
Борхьил бугилан абун,
Гьелъий жаваб кьун буго.
Жинде гьедин абунан,
ГьакIкIан кIалгун борохьалъ,
Кколеб букIун милъиргщо,
Бакьулъа рачIги тIун ун,
ЧIаго борчIун рагIула.
Балагьея, долъул рачI
Бикьун буго кIийиде,
Борхьица тIурал хIулай
ТIокIалъ раккичIо долда.
Гьеб къоялдаса нахъе
ХъантIараб жанаварги,
РахIму гьечIого борхьал
Кваназе лъугьун буго.
Кибехун гьабуниги
Борхьаца милъиргщодал
Бусабиги тун гьечIо,
Гьелъул тIанчIи чIван руго.
Гьеб мехалъ милъиргщоги
Ахал, хурзал, гъутIби тун,
Инсанасде гIагарда
Бусенги лъун чIун буго.



# ГIедегIун чважулеб лъим ралъдажъе гIунтIуларо

Апрелалъул бакъалъул
Хинлъиялда ракIчIейгун,
ЧIапинир ханалги лъун,
Ханзадай гьорой ана.
Гьелъ къурущлъараб гIанкIу
Къвал цIун жаниб бачана.
КъукI-къукIан ахIдолаго
ХIулиги хучизабун,
Ханазда тIад хъубухъун
Гьебги гIодоб букIана.
Лъабабилеб анкьалъул
Хамизкъо бачIарабго,
Ханиниса къватIире
ТIанчIи рачIунин абун
ТIалхIат вохизавуна.
Гьанже васасе тIокIаб
Сундулго ургъел гьечIо,
Гьесда макьилъги цере
ГIисинал тIанчIи руго.
Квасквасул гарал гIадал,
Гургинал ва хIеренал,
ТIеренал хIатIал ругел,
ТIогьилаб гозо бугел.

Кидаха къоял унел,
Къурущ тIаде бахъунеб,
ТIанчIи «чикI-чIикIан» абун
Азбаралъур рештIунел?
ТIалхIат тирилъун вуго,
Радал хехго ворчIула,
ЧIапида цебе даим
Мугьалги лъимги буго.



Лъабабилеб анкьалъул
Хамиз тӀаде щун буго,
Щибаб ханил тӀалабгун
ТӀалхӀатги аскӀов вуго.
Балагье цо ханида
ГьитӀинаб тӀанкӀ лъун буго,
ТӀанчӀица къватӀибе нух
ТӀалаб гьабулеб буго.
ТӀалхӀатица гьабугьин
ГӀабул тӀезе гьабуна,
ТӀанчӀи къватӀир рахъизе
Кумекалъе лъугьана.
Куркьбиги хичизарун,
Биххун ахӀдана гӀанкӀу.
Гьабго щибан Ханзадай
Хехго гьорой йортана.
Гьелъул хӀатӀил гьаркьихъе
ТӀалхӀат бокӀнилъ кьерана.
ЗагӀипал тӀанчӀи руго
ЧӀикӀдизе кӀоларого,
КӀулал чидаца ричӀун,
РухӀ босун унеб буго.

Ханзадай кодой рачун,
ТӀанчӀазде пударана –
Пайда щиб, ссобана гьел,
Сунцаго сахлъиларо.
– Лъил лъимердай, дир Аллагь,
Гьорой ворчӀун вукӀарав
Гьаб балагь гьабизе? – ян
Ханзадай лъикӀ семана.
Гьелъул бокӀнилъ тӀепарав
ТӀалхӀатида берчӀвана.
– ТӀанчӀи хехго рахъизе
Бихъун букӀана хоно,
Баба, тӀокӀаб кидалго
Квер хъваларин гьедана.
Васасул хӀинкъи бихьун,
Гьесул рекӀекълъи бичӀчӀун,
Бихха-бичун ццинги ун,
Эбелалъ жаваб кьуна:
– ГӀедегӀун чваххулеб лъим
Ралъдалъе гӀунтӀуларо,
Жибго бахъизе те тӀинчӀ,
ТӀокӀалъ гъуруге гӀабул!



Фарукъ Кангер

# Гьоцlоги рахьги



ХIикмат-дацил ах рагьараб зодикь бугеб школалъун лъугьун букIана лъималазе. Гьез халккун букIана зу-зуялда цоялдаса цогияб тIогьоде роржунел наязда хадуб. ХъахIаб гIинтIидул тIогьол бакьулъ рештIараб найги бихьизабун, Тимурица Даниялида абуна:

– Гьадаб наялъ жиндирго тIубараб гIумруго кьола нилъее цо чайдал гъуд гIанасеб гьоцIо тIезе гIоло. Нилъецайин абуни цохIо нухалъ кванан тола 5-8 наялъ тIубараб гIумруялъго тIураб гьоцIо. Нилъеца БетIергьанасе рецц гьабизе ккола ва Гьев нилъее вокьизе ккола нилъее гьоцIо тIезе наялги, гьез лъинцIо босизе тIугьдулги, цоги кинабгоги дунялалда бижарав, ХIалкIолев вукIиналъ.

Гьениб Ильгизилги гьаракь гьоркьобе жубана:

– Бихьулищ, ХIикмат-даци, долъ цо щибали баччун бачIунеб буго!

Тимур векерун вачIана ва гьес жиндихъе кьейиланги абун, гьесухъа тепси босана.

ХIимат-дацица лъимал жиндаго аскIоре ахIана:

– Киналго рачIа гьанире. Дица нужее гьоцIого рахьги бачIун бугин!

Тимурица рахьги жанибе тIун, ХIикмат-Дицидасан байбихьун, стаканал киназуххъего регьана.

Столалъул бакьулъ лъун букIана жанибе гьоцIо тIураб берцинаб пигьалоги тIеренго къотIараб хъахIаб чед жаниб лъураб, тIеренал хьопаз хьухьараб гъадароги.

Бисмиллагьги бахъун, ХIикматдацица гьитIинабго чадил богIоллъиги кIалдиб лъун, тIаде дагьабго рахьги къулчIана.

– Рецц гьабизин, гьалгощинал берциналги тIагIамалги нигIматал нилъее кьурав БетIергьанасе! – ян абуна гьес.

ТIаде кагъру гIадаб тIугьилаб гьоцIоги тIураб чадида данде цIорораб рахь гьекъолелъул, кIалдиб лъугьунеб букIараб

гIажаибаб тату-тIагIам лъазе бокьилаан нужедаго!

ХIикмат-дацида аскIов гIодов чIун вукIарав Ильгизица абуна:

– ХIикмат-даци, дир инсуца дуде салам битIана. Дица досда нилъер рукIунел гара-чIвариязул хIакъалъулъги бицана. Гьес гьарулеб буго, дуе квалквал гьечIеб гIадаб мехалъ, живгоги гьел нилъер гара-чIварияздa гIахьаллъизе изну.

– Вохарав вукIине вуго гьев вихьиялдаса. Дир рахъалъги салам бице дур инсуда.

Даниял, жахIдаги бахчичIого Ильгизихъ балагьун чIана. «Гьасие бугеб лъикI, гьасул инсуда лъала гьев гьаниве, ХIикмат– дацихъе хьвадулев вукIин. Дир инсуда, дун гьаниве хьвадулевлъи лъани, гьес дие гьеб гьукъизе буго. Эмен гьабсагIат хIухьбахъиялъул моцI тIамизе, тIолабго хъизан-кулпатги бачун, рикIкIадаб Дальнегорскалдаса, жиндирго эбел-инсухъе ун вуго. Гьесда цадахъ, жиндирго вас Артургун гьесул яцги ячIана. Нижер рокъоб киданиги диналъул бицун букIинчIо, компьютеразул технологияги цогидалги гIелмабиги церетIураб заман бугелъул. КIодоцаги кIудадацаги нижее БетIергьан Аллагьасул хIакъалъулъ бицине хIалбихьигун, «Бегьулеб батани, лъималазул гIадалнахуде жагьилал жалаздалъун тIадецуй гьабуге. ГIадамал церего космосалдеги роржана, гьенив щивгоги вихьичIо!» – абун лъазабулаан.

Даниялил пикрабиги гьоркьокъинарун, Ильгизица абуна:

– Жакъа бугеб тIагIамаб квен!

ХIикмат-даци дагьавго гьимана, цинги абуна:

– Кванда баракат лъеги, дир вас. Нужеда лъалищ, нилъер (с.гI.с) Аварагасе рахь кигIан бокьулеб букIарабали? Гьес жиндирго гьалбадериеги гьекъезе рахь кьолаанила. Гьесие жиндиего рахь кьураб мехалъ, гьев цIакъ разилъулаанила ва «Рахьдадаса кIудияб пайда буго. Гьелъул къиматги кIудияб буго» абун бицунаанила гьеб нигIматалъул хIакъалъулъ. Жакъа нилъеца (с.гI.с.) Аварагасул сунна тIубана, – абун бицана ХIикмат-дацица.

Хадубги гьес абуна:

– Гьайгьай, рахь ккола цIакъ хIикматаб нигIмат. Нужеда лъалищ, гIакдал, чахъдал яги цIцIел чорхолълъ рахь кин данделъулебали?

Жинцаго бицунеб букIарабги чIезе тун, хIухьел ккурав гIадин, ХIикмат-даци чIемгIа бугеб рахъалде балагьун чIчIана.

Ахикье лъугьун вачIана, вачIинахъего цIакъ ццидаххун вукIин бихьулев чи.

– Вай, гьадав чи дир дада ккола, – ян абуна Даниялица ва Артур гьесул мугъзада нахъа вахчана. Лъималазда гьоркьор Даниялги Артурги рихьигун, гьес хважаинасе саламгицин кьечIого, ахIдон абуна:

– Нужер иш щиб гьаниб бугеб?! Нуж кIиясго гьаниб гьабулеб жого щиб?! – ан.

– ТIаде вачIарасул хъачIлъиги гIадахъ босичIого, ХIикмат-дацица абуна:

– ВачIа, вачIа, гIодовчIа, – абун.

Данде витIун чIарав гIодобиччараб гьаракьалъул, разияб гьумералъул чи вихьараб мехалъ, тIаде вачIарав цодагьалъ пикрабалълъе ккарав гIадин чIун вукIана. Цодагьавго гIодовиччарав гIадинги лъугьун, гьес абуна:

– ЛъикI буго. ГIодов чIела дун, – илан.

Даниялги Багьаудинги тIаде рахъана, тIаде вачIарасе бакIги кьун ва дагьаб гIодобегIан ххарда тIад тIамураб ххамида гIодор чIана. Тепсиялда тIину тIадехун гьабун лъун букIараб бацIцIадаб стаканалъубе хъабиниса рахьги тIун, ХIикмат-дацица Даниялил инсухъе бегьана.

– Дун гьанив лъималгун гара-чIварула. Бокьани, нижгун цолъе мунги.

Щибав гьоболасе лъазе бокьулаан ригь арав чияс васазе щиб бицунебали. «Лъида лъалеб, кинаб гьересияб рахъалде лъималазул гIакълу буссинабулеб бугебали?» – абураб пикру паркъана гьесул ботIролълъги. Гьес дагьабго рахьги къулчIун, ХIикмат-дацил гIаданлъиялъухъ баркала кьолеб гIадин, абуна:

– ЛъикI буго. Дунги гIенеккила дуца бицунелъухъ.

– ХIикмат-дацица нижее бицунеб буго рахь кин лъугьунебали, – ян абуна Тимурица.

ХIикмат-дацица щвараб бакIалдасан бицине байбихьана, гьоркьоб къотIун букIараб хабар.

– Щибаб рахьдал тIириялъул хIакъалъулъги бегьула тIубараб къиса бицине. Нужецаго хIисаб гьабе, цIвакараб хIапаро, каругъотIол тIамхалги кванан, гьеб дараялде сверизабизе кIолеблъун бижун буго. Гьелго тIамхал кванала гIалхул чаницаги. Гьелъул чорхолъ гьеб махI берцинаб мускусалде сверула. ЦIцIеца яги гIакдаца гьел тIамхал кванани, гьелдаса цIакъ тIагIамабги нилъее пайдаябги рахьлъун лъугьуна. Гьелго тIамхал гарцIица кванани, лъиего гьелдаса пайда кколаро. Гьединаб программа лъицаха ургъараб?

Кинаб фабрикаялда бажарулеб гьитIинаб хIапароялъ дараялде сверизабулеб каругъотIол тIамхидаса гьебго дарай гьабизе? Кинав гIалимчияс яги инженерасха гьединаб программа хIадурараб? Гьединаб технологиялдалъун гIурччинаб тIамах хъахIаб ва тIагIамаб рахьдаде сверизабун бажарулеб? Кинав парфюмерасда гьебго тIамхидаса мускус гьабизе кIолеб? Лъихъаха бажарулеб миллион тIогьол хIурги бакIарун гьелъул лъинцIо наяз гIадин, гьацIуде сверизабун? Гьайгьай, лъиданиги щибниги бажаруларо! Гьеб кинабго лъугьуна кинабгоги щибгоги бижарав нилъер БетIергьан Аллагьасул хIалкIолъиялдалъун!

*(Турк мацIалдаса буссинабраб).*





ХIасан ХIабибов

# ЧIухIун вуго дун

Ихалъ ругьелги бан
БачIун милъиргщо
Мокърукь квалквадана
КвартIа-хъалахъгун.
Къоялъ свак лъалареб
Къадал устаралъ
Мадугьал урхъараб
Хъала борхана.

Жегиги лъабгго анкь
Ун бахъиналде
Хъизан-кулпаталъул
Каву рагьана,
Гьудуллъи гъункараб
Гьеб хъизан бихьун
Бахиллъарав гурев
Чиго вукIинчIо.
Дица бараб рокъоб
Рукъ базе щварал
Милъиргщабаздаса
ЧIухIун вуго дун.

# ЦIадал къатIраби

ТIинкIе, тIинкIе, тIинкIе, цIадал къатIраби,
КъваригIун руго нуж гьаб дир ракьалъе,
Лъугьа кIкIалабахъе кIудияб гIорлъун,
ГIадамазул рокъор раке чирахъал;

КенчIе рогьалида маялъул бакъуй,
Беричал тIугьдузул гIанабазда тIад,
ГIодой рортунги ун тIинкIе кьалбазде,
Кье хурдузе къимат къин гьечIеб бакъукь...
ТIинкIе, тIинкIе, тIинкIе, цIадал къатIраби,
Къого батIияб нур бигъе ракьалда.

# Макьилъ



Ралъдал тIинде лъугьуна,
МугIрул тIогьив вахуна,
Лъарал, гIорал гъежда чIван
ЧIухIун  цевехун уна.
ХIалхьи-рахIат лъаларо,
Хадув цIвабзазде щола,
ЦIвабзазул тIохаздасан
ГIодове валагьула:
Дунял сверулеб буго,
СагIтил хъаравул гIадин,
Щибго хIалхьи лъалареб
Дир каранда ракI гIадин;
Дун валагьун чIун вуго
Гьелъул континентазде –
Кибехундай дир кумек
ХIажалъун бугебилан.

# Кибего гвангъе

Дир рукъалъул чирахъ, кибего гвангъе,
Кьурда гъоркь гьитIинаб гьаб росуги цIун,
Гумузул маяклъун канлъиги бикьун,
Кавказ тун къватIибги къватIахъ кенчIе мун.
Гьаб канлъухъе виччай рикIкIад нухлулав
Жиндир мурад тIубан тIадвуссун щвезе,
ТIаде цIан юргъангун, гъорлъеги лъугьун,
ЛъикIаб сордо бугин хIалхьун кьижизе.
Дир рукъалъул чирахъ, кибего гвангъе,
Хъван лъугIичIеб кочIол канлъиги босун.





# Чапа

Ихдалил авалалда ккана цо гьадинаб лъугьа-бахъин.

Дир буго цо гьитIинаб гьой. Гьелда цIарги буго Чапа. Гьелъул гIундулги гъуцIарал руго, рачIги гурараб буго, жибгоги лахIчIегIераб кьералъул, кIарчамаб жо буго.

Цонухалъ дун гьебги бачун, тира-сверизе къватIиве вахъана. Цоцазда цере ккезе рекерулел ва расандулел рукIана ниж. Цин дун кколаан цеве, цин гьой кколаан цебе. Гьедин расандулаго унел рукIаго, дидаса цебе бекерун араб Чапа, гъуцIизарун гIундулгун, балагьун чIана. Цин дихъ балагьулаан гьеб, цинги добехун балагьун чIолаан. Дун аскIове щвезегIанги чIун, цо гIажаибаб гьаракьги гьабун, цо рахъалдехун бекерун ана Чапа. Щибдай гьалда батарабилан ракIалдеги ккун, дунги хадув векерана. Дун тIаде щведал цо хIанчIитIинчI багъарулеб батана.

Дица хIанчIитIинчI кодобе бачана. Гьелъул рукъ балагьизеян свер-сведулев вукIаго, битIун дир бетIералда тIадбитIун бахъана хIанчIитIанчIил гьаракь. Эхеде ворхун балагьидал, дида бихьана гIодобе далараб зазил хъархъил гIаркьалида гьабураб хIанчIибусен. Гьалмагъги билун, гъаримго чIирчIилеб цоги тIинчIги бугоан бусада. Гьабугьинан гIаркьелги гIодобе цIан хIанчIитIинчI дица жиндирго бусада лъуна.

Дида ракIалде ккана, гьаб гьой букIинчIебани, хIанчIитIинчI хвасарлъилароанилан. Гьелдаса нахъе дие Чапа дагьабги цIакъ бокьана.



Цоги ккана гьадинаб лъугьа-бахъин. Риидалил багIарарал къояз, хIорихъе чвердезе унаго, цо-цо мехалъ дица Чапаги цадахъ бачунаан.

Гьанжего-гьанже хIорил рагIалдеги щун, цо-цоккун лъелълъеги кIанцIун, лазаталда квачIги кьабун, лъедолел рукIана ниж. ХIорил рагIалдасан бехеэхеде бекерулеб букIана Чапаги. Цо заманалдасан, кIанцIун бачIун, лъелълъе букъун ана Чапа. Рахъ-рахъалдехун рикьун лъималги ана, гьалгъан балагьун дунги хутIана. Ункъ-щуго секундгIан мехалдего къватIибе баккунги бачIана гьеб. Гьелъ кIалалъ нахъаса гурдеги ккун, хадув цIалев вукIана ГIабдулагьги. АскIор ругонигицин нижеда халлъичIо ГIабдулагьие кумек хIажалъун букIин. ГIажаиблъун лъималги хутIана. «Нилъедасаги цIодораб хIайванилан» абулеб букIана лъималаз.

– Чапа гуро гьаб, бахIарчияб гьой буго, – ян абулеб букIана гьез.

Дунги кигIанха вохиларев, дир гьой беццараб мехалъ. Пайда щибха, гьоялъулги дирги мацI цоцазда бичIчIулебани, гIемераб жо батилаанха гьелъул дида бицине. Дирги бугоанха гьелда бицине чанги жо. Гьебмехалъ жеги цIикIкIун щулалъилаан нижер гьудуллъи!

**БитIун бачIана Унсоколо районалъул Рихьуни росдал школалъул 5 «А» классалъул цIалдохъан АхIмадов Кихсурица.**



МахсутI ЗайнулгIабидов

# Учителасул кечI

Дида дунго ккола борхатаб кьурул
Кьвараpаб нохъода цIудул бусенин,
БацIцIадаб гIазуги гъуждузда кунчIун,
ЧIухIун бахъун чIараб гучаб мегIерин.
Куркьбазда хIулаби щулаги гьарун,
Дир кодоса роржун уна гьал цIумал,
Гьал мацI лъалел цIумал – дир цIалдохъаби,
Дуниялалда тIад тIавап гьабулел.

Дир ботIроде бараб, гъуждузде бараб
ГIазулъан чвахxулел лъарал руго гьал.
Гьал гьечIони, гьечIо ихдалил цIадал,
Гьал гьечIони, гьечIо ралъдал гъварилъи.
Инсуца кинигин карандеги къан,
Дица куцан руго гьал космонавтал, –
Гьал анкьго сон барал, анцIго сон барал,
АнцIила микьилъе лъугьунел ругел.
Ракетаби кьолон, ракIал лъадарун,
Роржаян риччалел руго дица гьел.
ГьечIо гьезулъ гьалатI нухкъосун кколел
Кинаб бокьаниги борхалъиялде.




## Школалъул къебелъухъ

Лъималазул дарс буго
Маххул къебелъухъ жакъа,
Махх бухулеб, хъухъалеб,
КъунцIулеб гьаракь буго.
Гьазул бугеб гъира-шавкъ,
ХIалтIулъ бугеб машгъуллъи!
Гьаб батIияб халкъ буго,
Нилъ хисулеб гIел буго.
Гьал руго махщелчагIи,
Метер къоялъул къубдул.
Гьазул бутIрузгун кверaз
Бокьараб жо гьабила.
Гьазул хIалтIи гьабсагIат
Учителас борцина,
Хадуб борцина халкъалъ,
ВатIаналъ ва заманалъ.



# Резеда

РоцIараб хъахIил зодоб
ЦIва баккун буго цIияб,
ЦIар кьун буго разияб
Резедайилан гьелъий.
МагIарда гIидрадул тIегь
Рагъун буго гьитIинаб.
Гьалда тIад рогьалил бакъ
Щобилъ кенчIолеб буго.
Щибниги дунялалъул
ДагIба-рагIи лъаларей
ГIадан йиго мун жеги,
ГIажаибай Резеда.

Мун кIудияй гIелалде
ДагIба-рагIиги лъугIун,
Дунял цо хъизамалъул
Рукълъун ккелеб щиб лъалеб.
Лъала, гьеб анищалде
Щун батичIони гIалам,
ГIумру тIолго дуцаги
Гьеб къеркьеялъе кьела.
Кьалбал гъваридаб гьотIол, –
Нилъер гьаб улкаялъул, –
Кар меседил цо чIиллъун
Лъугьина мунги, мокъокъ.

Галихlажи Мухlамадов

# Вежьасул тlил

## къокъ гьабураб

...Дицаги ХIажасги доб сордо гIухьбузда аскIоб бана. Къаси кванан рахъарабго кIудияв вехь ГIалиги нижги хадур тIамун гьабигун, кIиябго рехъадул халгьабизе, чали сверун рилълъана.

– Къаси дунги нуж кIиялгоги гьанир регихала, гIолохъаби, кIиабилеб сордо буго нижехъе «сардил гьобол» бачIунеб бугелдаса, – ян абуна вехьас, гор гьабун бегараб хIораб гIиял рехъадул гъоркьияб рахъалде щвейгун. – Нужее бицине гIажаибаб лъугьа-бахъинги бугебха дир, – ан тIадеги жубана гьес, регизесеб бакIалъул хал-шалги гьабулаго.

– Сардил гьобол» щиб, ГIали– даци? – ян гьикъана дица, дида ракIалде ккона вухъе батизе бокьичIого, моцIрол канлъи бугониги, чIегIерлъун бихьулеб ЦIурал байдабазде тIаса-гъоркьеги валагьун.





– Щибха букIинеб, гьудулавчи, къаси гIиял къавулъеги кIанцIун, хапан лемагги хъамун, кIкIалахъе тIерхьун унеб циха. Амма къаси долъул жо кколаребха, дида цадахъ гьадинаб бахIарзал рукIаго, – ян абуна гьес, нижер кIиязулго гъуждузда квералги лъун. – Гьедин роцIцIараб, цIвабиги кунчIараб, моцIги гвангъараб сардилъ чанай бахъине къасд гьабуларебха гIалхул жанаваралъ. Амма бакъиялъ бокьараб гьабизе тIамиларищха рухIчIаголъи. Нилълъги тох рукIинаро, хIажат ккани, щукьвагьулебги бугебха нилълъехъ...

ГIали-дацил хабаралъ дие расги лъикIаб асар гьабичIо. Амма гьеб досда тIатине биччачIого чIезе яхI бахъана нижеца. Дагьалъ хабар-кIалалдаги рукIун, къавудаса буртабиги, туманкIги босун, ГIали-дациги нижги цебеккун халгьабураб бакIалде тIадруссана. Кидадай гьес доб гIажаибаб хабар бицинебан халккун рукIана ниж.

– КIикъойилъаги тIаде сонал ана дица вехьасул тIил кодобе босаралдаса.

ГьабсагIаталда нужер бугеб гIадаб гIумруялъул чи вукIун ватила дун тIоцеве инсуда цадахъ магIарде араб мехалъ, – ин нахъеги хабаралде байбихьана ГIали-дацица, хъалияналда цIа лъолаго. – Чанги чIегIерабги, хъахIабги, лъикIабги, квешабги бихьана вехьасул захIматаб хIалтIи гьабулаго дида, магIарухъги ЦIоралдаги, бахIарзал. Амма гьаб риидал гьадаб щобда нахъа ТIадхIорихъ габурлъуда бихьаралъ кутакаб асарги гIажаиблъиги гьабуна дие. БатIияв чияс гьелъул дие бицарабани, лъаларо, дун божизе вукIаравищали...

Анкьалъ чIечIего цIадал рана дол къояз. Цокъоялъ бакъанимех гIагарлъигун нахъеги чIегIерал накIкIаз зоб бацана ва мех балелде байбихьана тIупан тIун цIад базе. Жеги сордо щун гьечIониги накIкIаз дунял бецI гьабуна. Нижеца хехгьабун рехъен къавуде къотIизе гIамал гьабуна. Чолонибе гIиги къан, пажинирееги лълъугьун, биччараб ретIел хисулеб букIана нижеца.

– ГIали, Аталасул чIегIераб дегIенги бихьулеб гьечIо, хIораб рехъадаса тIун гIиял хутIун ратизе руго нилълъехъа, – ян абуна дир гьалмагъас, пажинивеги ваккун. – Цо дуцаги халгьабуни лъикIан...

Нижер лъабасго рахъун халгьабуна чолонир къарал гIиязул. Аталасул дегIенги дирго кIибагьаб куйги камун ругоан рехъалъа нижеца хIукму гьабуна камураб гIияда хадув, бецIлъилалде, ТIадхIорихъ габурлъухъе дун ине. Гьежда туманкIги бан дица нух босана. ЦIад дагьаб хьадарлъаниги сверухъ жо бихьуларедухъ накIкI лъун букIана. Дун нижеца къавулъе рехъен бачараб нуххкун унев вукIана. ТIадхIорихъ габурлъухъе дун ваккигун дидаса нусго галул манзилалъ гIадин тIадехун ичIго-анцIго гIанасел гIиязул гуриги цебе къотIун, дидехун мугъги кьун унев залимаб къаркъалаялъул чи вихьана дида. Цин цояб квер гIебеде битIун, цин цогидаб квер хьвагIун гьев чияс гIиял щобда нахъехун къотIулел рукIана. МаркIачIул бецIлъиялъги гIодонакIкIалъги, мухIканго валагьизе дие квалквал гьабулеб букIана. «ВахI, щивдай гьадин кватIараб гIужалъ гIиязул тIалабалда вугев чи?» – ян пикру гьабуна дица. Дица гьаракь гьабуна. Гьев чи гIадалалъ тIил барав кинигин тIуркIана. Цинги дагьалъ къулун гIодовегун кьурун дидехун бетIер буссинабуна. Дун рагIи абизеги ахIизеги рекIеда ватуларого гьалгъан хутIана. Гьеб дида гIаданин ккараб жо бугоан ци! Гьеб цо лахIзаталъ дихъ балагьун чIана, цинги къулун гIодобегун, ругелъурго гIиялги тун, щобде нахъе лъутун ана. РекIеда ватун, гьеждаса туманкI бахъулев дун вукIаго, нижер гьабиги ана ццидалаб хIапдейгун долда хадур рортун. Бихьулищха, бахIарзал, циялъул

гӀакълуги цӀодорлъиги! ГӀиял жиндаса хӀинкъунгутӀизелъун гӀадамасухъего бахъунчӀун гьезие гӀамал гьабулеб букӀун буго гъаларав. Циги чуги бищунго цӀодорал хӀайваналин абулаха. ГӀиялги церекъотӀун дун къавуде тӀадвуссана. Дица бихьаралъул бицингун, «Маргьабазе цӀакъав вугоха мун, ГӀали», – ян абун кӀварго кьечӀо гьалмагъзабаз дир харбиде. Аммаха, гьудулзаби, гьаб кӀиябго бералда бихьана гьеб жо. Бокьани божа, бокьичӀони божуге, – ян абуна гӀодобе хъалиянги рехун вехьас.

Дунги ХӀажавги кӀудияб тамашалъи гьабун цоцахъ ралагьана. Жиндир хабаралъ нижее кӀудияб асар гьабиялдаса вохарав гӀадин вукӀана ГӀали-дациги. Гъаларав буртинадулълъги жемун, цӀвабзазул цӀураб зодове валагьун вехьасул хабаралъул хӀисаб гьабулев вукӀана дун. «Гьесул бакӀалда дун вукӀаравани щибдай дица гьабизе букӀараб? РечӀчӀун туманкӀгун чӀван реххилаан ци. Гьас щайха гъоб тӀуризе тараб? Батила дуе, чараб бурутӀ бахъун нахъисел хӀатӀаздегун, пахруго бетӀерги кӀичӀизабун тӀаде бортараб мехалъ анагури тӀурун мунан кӀалгьикъана дида жанисеб гьаракьалъ. Доб цебего, дун гьитӀинаб мехалъ букӀараб жойин дицаго диего ракӀмакӀги гьабуна. Гьанже дун кӀудияв гӀуна, бихьулищ ГӀали-дацицаги нижеда бахӀарзалин абулеб буго» – ян анцӀанцӀ пикрабалълъ вукӀарав дун лъачӀого кьижун ккун ватана.



# Бицанкӏаби

***
ТерханагӀан кьаралъулеб,
КьурданагӀан биццалъулеб.

***
КъватӀире гъалалги гьурщун,
Жаний чӀарай бахӀарай.

***
Бакъда – хьварс,
Хьонда – гӀарщ.

***
ЦӀаги гуреб, бухӀулеб,
Зазги гуреб, хӀунчулеб.

***
Гьан кунеб, квас кьолареб,
Мегеж бугеб, михъал гьечӀеб,
БитӀараб бакӀалдаса
Парсал тӀаса рищулеб.

***
Жиб хъвечӀого гьан кваналеб.

***
Чияда хӀанчӀун,
Жибго холеб.

***
КӀал лълъаралаб,
Лълъар гьаналаб,
Лъим кваналеб,
Квен гьекъолеб.

***
Мун чӀани, чӀолеб,
Мун вилълъани, билълъунеб.

***
Кидаго цадахъ хьвадулел,
Цоцада жал рихьуларел.





# Масъалабазул кучIдул

Лъимал, нужеда дандчIванищ масъалабазул кучIдул, цIаланищ нужеца гьел?

Цебе заманалдайин абуни, хIисабалъул кумекалдалъун пикруги магIнаги загьир гьабизе шагIирзабазе хасиятаб къагIидалъун буго гьеб. Гьединаб къагIида гIемер дандчIвала гIарабазул рагIул устарзабазул асаразулъ. Нилъер Дагъистаналъул шагIирзабаздасан гьеб къагIида кочIолъ хIалтIизабуна ЦIадаса ХIамзатица.

**Дун къватIиве лъугьараб къо-моцI лъазе кIоларо,**
**Къоло цойилъ лъабго сон кьабгIараб гIумру ккола:**
**Цинги гьезда гьоркьоса къого сон нахъе рехун,**
**ХутIарал пачаясул пачалихъалда ана.**

Гьедин хъвана ХIамзатица 1939 соналъ басмаялда бахъараб «Дир гIумру» абураб поэмаялда. ХIакъикъаталдаги ХIамзатида лъалароан живго гьавураб къо-моцI. Гьеб нилъеда лъана гьев хун хадуб, гьесул эмен Юсупил МухIамадица цо гIараб тIехьалъул жилдазда гьабун батараб хъвай-хъвагIаялдасан.

Хадусел мухъазда рехсолеб масъалаялдалъун ХIамзатица баян гьабулеб буго 1939 соналде щвезегIан жинцаго бараб мехги басриябги цIиябги кIиго гIумруги. Кинха гьеб лъалеб?

21 х 3 = 63. 63 – 20 = 43.

Гьал мисалаздасан нилъее баянлъулеб буго ХIамзатица 63 сон бан букIин. Гьездаса къого сон советияб ва 43 сон пачаясул заманалда тIамун букIинги.

**ТIелкьал рахъулеб къоялъ, къараб нуцIаги гьарун,**
**ЦIараб мех лъугIанилан, майданалде виччана,** – ян цIалула нилъеца 1933 соналъ хъвараб ХIамзатил «Дир биография» абураб кочIолъ.

«ТIелкьал рахъулеб къо» нужеца, гьудулзаби, жеги лъалеб батиларо. Гьеб букIана 1877 соналъул риидалил къо. ХIамзатидаги лъалароан риидалил кинаб моцIрол чанабилеб къо гьеб букIарабали. Гьесул инсуца гьабураб хъвай-хъвагIаялдасан баянлъана гьеб букIин август моцIрол 21 абилеб къо.

Гьеб къоялъ рикIкIен гIемерал пачаясул аскараз, сверунги ккун, талавур гьабун, бахъана ТIелекь росу. Цоял чIван, цоял Сибиралде ритIун, балагь рештIинабуна тIолабго росдал гIадамазде: гIисиназдеги чIахIияздеги. Гьединабго къисмат ккана Сугъралъ росдалги. Щай? Сундуе гIоло?

Масъалаялъул къагIидаялда ракIалде щвезабун буго ХIамзатица тIоцебесеб кечI хъвараб сонги.

**Гьеб сон лъазе бокьани,**
**Макьил, ичIил цифра лъун,**
**Цебе, нахъа хъвай цойил,**
**Цинги битIун бачIана.**

1891 соналъ 14 сон гIумруялъул букIаго хъвараб ХIамзатил цебесеб кечIалда цIарги буго «ГIалибегил гьве» ГIалибегида цIакъ квеш бихьун буго жиндир гьве хведал, гьитIинав ХIамзатица гьабураб махсароялъул кечI. Щин бахъарав мадугьалас, цоги гIиллаги бачун, ХIамзат чанго нухалъ судалде ахIизавун вуго.

ЦIадаса ХIамзатил творчествоялда дандчIвала, масъала гьабиялъул къагIидаги хIалтIизабун, хIисаб гьабизе ва нилъго тIад ургъизе ахирал лъугIизаричIого тарал кучIдулги.

Гьединаздасан цояблъун ккола, Манас росулъ гьоболасул бакIалда тараб жиндирго чу, тIокъоги тIаде тIун, къедги биххун, хун батараб мехалъ гьабураб магIу – кечI. Гьеб кечI ХIамзатица лъугIизабулеб буго гьадин:

Гьаб масъала гьабиялда ва гьелъие жавабал ратиялда тIад нужго ургъун рихье.

**Дир тулпар къанщараб тарих бокьани,**
**КьабгIе къо ункъилъ ункъого лъагIел:**
**АнцIила лъабго сон тIадеги рехун,**
**ХутIила ункъо моцI, микьго къо камун.**
**Гьел нижехъе ритIизеги кIочонге.**

**М.СагIидов**

# Рахьдал мацIалъул байрамалда










Халкъазда гьоркьосел рахьдал мацIазул къоязул байрамалда хурхун Унсоколо районалъул Унсоколо №2 школалда цIакъ пайдаял ва берцинал тадбирал тIоритIана. Гьезул цоялда гIахьаллъизе ахIун рукIана аваразул хъвадарухъаби ГIалихIажи МухIамадовги ГIаишат Малачиеваги, композиторал Каримула ГIабдулаевги ГIабдулкарим ГIабдурахIмановги. ЦIалдохъабаз лъикIаб хIадурлъи гьабун батана рекIее къабуллъуледухъ гьеб тIобитIизе. БатIи-батIиял шагIирзабазул кучIдул рекIее къабуллъуледухъ цIали гуребги, гьез жалго артистаз гIадин хIана ЦIадаса ХIамзатица хъвараб «Айдемир ва Умайгьанат» пьесалдаса цо бутIаялдаса лъугьа-бахъинги.

ГIемерал соназ рахьдал мацIалъул дарсал кьолей йигей ПатIимат МухIамадовналъул нухмалъиялда жигарчилъиялда ва гьираялда тIуразаруна лъималазги гIолохъанал мугIалимазги живедаго цере лъурал масъалаби.

Миллаталъул мацIалда ракI-ракIалъ гьарурал церерахъинал мугIалимазеги, цIалдолезеги, тIаде рачIарал гьалбадериеги рохахинлъиялъул асаралда гьоркь анилан абизе ккола. Бихьулеб букIана нилъерго гIадат-гIамалги, ретIел-парталги, цебе заманалда умумуз хIалтIизабулеб букIараб къайиматахIги, ракI-ракIалъ ва бацIцIадго бицунеб нилъерго мацIги кигIан нилъее гIагараб ва къабулаб бугебали. Гьединал тадбирал хадурккунги тIоритIизе, гьезул магIнаги багьа-къиматги гIолеб гIелалда бичIчIизабизе ккеялъул рахъккуна школалъе нухмалъулезги.

*Хьаргаби районалъул КIикIуни росдал школалъул цIалдахъаби – бищун цIикIкIун Лачен журнал хъварал хIалчIахъадал!*





# КАМУРАЛ ХIАРПАЛ ХЪВАЙ

1. Чахъдал
2. ХIанчIил
3. БоцIул
4. ГIанкIудул
5. ЦIоралъул
6. ХIарщул
7. Кунал
8. ЧIахIил
9. Инсанасул
10. ЦIулал
11. Борхьил
12. Порол
13. БагIар... яги чIегIер...
14. ЯсикIодул
15. Хьитил
16. Гьабил
17. Рохьил
18. Районалъул

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 1 | | о | | о |
| 2 | | о | | о |
| 3 | | о | | о |
| 4 | | о | | о |
| 5 | | о | | о |
| 6 | | о | | о |
| 7 | | о | | о |
| 8 | | о | | о |
| 9 | | о | | о |
| 10 | | о | | о |
| 11 | | о | | о |
| 12 | | о | | о |
| 13 | | о | | о |
| 14 | | о | | о |
| 15 | | о | | о |
| 16 | | о | | о |
| 17 | | о | | о |
| 18 | | о | | о |



Соколёнок

ISSN№0203 – 3682

Лачен

2/2022

март – апрель

Иллюстрированный детский журнал.
Издается один раз в два месяца.

**Учредитель:**
Агентство информации и печати Республики Дагестан.

**Регистрационный номер**
серия ПИ №ТУ05-00413 от 22.04.2019 г.
выдан управлением Роскомнадзора по Республике Дагестан.

Издается с января 1980 г.

**Руководитель – главный редактор**
М.М. Ахмедов

**Редколлегия:**
М. АХМЕДОВ
М. МАГОМЕДОВ
К. МАГОМЕДОВ
А. МАЛАЧИЕВА **(редактор выпуска)**
М. АБДУЛХАЛИМОВ
Г. ХАБИБОВ

**Художественный редактор** З.Даганов
**Технический редактор** Т. Лузина
**Художник номера** М. Муталлибов
**На обложке –** Ибрагим Ибрагимов, Заслуженный работник культуры Республики Дагестан, заведующий Чиркатинским краеведческим музеем.

Формат 60х84 1/8.
Бумага офсетная.
Уч. изд. л. 2,86 .
Уч. печ. лист 3,26.

Выход в свет 19.04.2022 г.
Тираж 1081 экз.
Заказ № 1204.

**Типография:**
ООО «Издательство «Феникс-пресс».
**Адрес типографии:**
367018, РД, г. Махачкала, ул. Петра I, 61.

**Редакция и издатель:**
Государственное бюджетное учреждение Республики Дагестан «Редакция республиканских литературных журналов «Соколёнок» и «Литературный Дагестан».
**Адрес редакции и издателя:**
367000, РД, г.Махачкала, ул. Даниялова, 55.

**Электронный адрес редакции:**
litdag@mail.ru

Аварский язык

Индекс: на год – 63277,
на полугодие – ПМ999.

Цена свободная.